gazetavpered@list.ru

Ассаламу гIалайкум!

ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№47 (6876) * 23 НОЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 14 ЖУМАДУЛ АХИР 1448 с. *

Кириги кIудияб пайдаги цIикIкIараб

Нилъеда киназдаго лъала Хьаргаби росулъ аслияб къагIидаялда хобалалъе унеб нух абагьудаса гIодобеги хасго лъарада тIасан кьоги квешаб хIалалда букIана, хасго цодагьабниги санагIалъи букIинелъун гьелда тIаде бараб жо цIакъго бицалъун букIана. Щибаб къварилъи росулъ ккарабго кинасулго гьари букIана гьеб нухалде кIвар буссинаби.



Гьебги хIисабалде босун Хьаргаби росдал администрациялъул ва гIолохъабазул багъа – бачариялъул жигаралдалъун байбихьана гьеб къачIазелъун хIадурлъи гьабизе.

Росдал гIадамаз гьеб лъикIаб хIалтIуе квербакъиялъе гIарцал кьуна, администрациялъул гьеб кIудияб харж цIикIкIараб хIалтIуе гIураб къадаралда гIарац букIинчIониги, жидерго рахъалдасан бажарараб хIалалда гIахьаллъи гьабуна. 14 – 15 ноябралда гьенир хIалтIаби гьаризе байбихьана.

Кьода тIаса лъикIаланго гъат бахъана ва арматураги тIибитIун лъикIаб качествоялъулаб хIалтIи ккана, киса – кибего сетка тIибитIичIого бетонги тIечIо.

Гьаниб рехсечIого гIоларо гьенире кумекалъе рахъарал гIолохъабазул, бер кколеб хIал букIана гьенире рахъарал гIолохъабазул рикIкIеналда, Аллагь разилъаги нужедаса, нужеда баракат лъеги, кирилъун хъван батаги, гьенибе кумек гьабуразеги кири Аллагьас азариде бахинабеги.

Цоги гьениб цадахъ рахъун хIалтIи гьабиялъул гьадинаб хIужаги ккана районалъул отделалъул полициялъул нухмалъулев МухIамадшамиль Рамазанов анцIгоялдаса цIикIкIун жиндирго хIалтIухъабигун вачIана цадахъаб хIалтIулъ гIахьаллъи гьабизе, гьеб ккана киназдаго берцин бихьараб хIужалъун.

Кинабниги гIаммаб къагIидаялда хIалтIизабун буго гIага – шагарго 160 куб бетоналъул.



Баркула!

1998 соналъул 30 январалда бахъараб Россиялъул Президентасул указалдалъун эбелалъул къо кIодо гьабула ноябралъул ахирисеб гьатIан къоялъ.

РакI-ракIалъ баркула кинал-го улбузда тIаде щолеб бугеб, гьел кIодо гьарун пачалихъалъ гьезул къолъун бихьизабураб 29 ноябрь – эбелалъул къо.

Нужер чIурканлъиялъги, саб-руялъги, хIеренлъиялъги, хIалимлъиялъги буго берцинго гIуцIун жиб – жиб хъизанги, кинабго сверухълъиги. Нужее мустахIикъал рагIаби абизе кигIан бажаричIониги, гьеб къоги гьоркьоб ккун бокьун буго нужее гьаризе щулияб сахлъи, талихIаб халатаб гIумру, гIатIидаб дуниял, рохун таги нуж кидаго нужерго лъималаздаса.

М. ТIАГЬИРОВ,
районалъул бетIер



29 ноября День матери

ПОДПИСКА – 2027

ХIурматиял районцоял!

Байбихьун буго 2027 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Церехун» газеталъе подписка гьабизеги. Гьеб хъвазе бегьула почталъул отлениялдасанги «Церехун» газеталъул редакциялдасанги.

Районалъул гIумру бихьизе гьабулеб матIу ккола районалъул газета. Гьелдасан лъала нужеда районалъул гIумру, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял районалъул росабазул администрациябазул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! Бокьилаан «Церехун» газеталъе подписка гьабизе хIаракат бахъани.

Ниж божарал руго 2027 соналда газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.



ГАЗЕТАЛЪУЛ БАГЬА:
ЛъагIалие:
Почталдасан – 1409,57 гъ.
Редакциялдасан – 300 гъ.
Башдаб лъагIалие:
Почталдасан – 704,82 гъ.
Редакциялдасан – 150 гъ.

Хасалихълъи «Солнышко» ясли-ахалда





Рортулел руго тIанхал,
ТIеренлъулеб буго лъар,
Пашманлъулеб буго кечI-
БачIун буго хаслихълъи.

Ноябрь моцIалъ ясли-ах «Солнышко» - ялда тIоритIана щибал группабазда хасалихълъиялде гьарурал тадбирал.

Ясли-ахалъул зал букIана цIакъ берцинго къачIан. БагIарал, гIубилал шариказул ва хасалихълъиялде гьарурал плакатазул цIун букIана зал. Щибаб группаялъ букIана гьарун битIи-битIиял подделкаби хасалихълъиялде гьарурал.

Тадбиралда лъималазда цадахъ гIахьаллъи гьабулеб букIана воспитателазги. Тадбиралде щибаб группаялъул лъимал рукIана къачIан хасалихълъиялъул кьеразул къаялги ретIун. Льималаз рукIана ахIулел ва рикIкIунел кучIдул. Гьарулел рукIана батIи –батIиял кьурдаби, сценкаби. ГьитIичIазул группаялъцин гьабуна кьурди тIогьилал, багIарал тIамхазул накъищал тIад ругел дугъалги росун.

Умумуз баркала кьуна ясли-ахалъул нухмалъулезе, тарбиячагIазе берцинал тадбирал лъималазе гIуцIаралъухъ. Тадбир лъугьана лъималазул гIумруялда кIочонареб рохалилаб байрамлъун.





Нилъер ракьцояй хIукуматалъул гъулугъалда

Дагъистан Республикаялда тIобитIулеб бугеб «Дагъистаналъул команда» кадровыяб программаялда гIахьаллъи гьабиялъул хIасилалда Хьаргаби росулъа Сиядат Идрисова тIамуна Дагъистан Республикаялъул бетIерасул контролияб управлениялъул нухмалъулейлъун.

Гьеб указалда гъулбасана Дагъистан Республикаялъул бетIер Федор Щукиница.

Сиядат цIалана Москваялъул экономикияб, статистикаялъул ва информатикаялъул университеталда. Гьей хIалтIана цин мухъилай бухгалтерлъун, хадуй яхъана Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул университеталъул планал гьариялъулгун экономикияб кафедраялъул нухмалъулейлъун.

Сиядат Идрисовалъе щвана Россиялъул сахлъи цIуниялъул министрасул баркалаялъул шапакъат.

Баркула Сиядатида цIияб хIалтIи, къуват ва сахлъи кьеги гьабураб кIудияб божилъи ритIухъ гьабизе.

Школалда «Хасалихълъиялъул» ярмарка

18 ноябраялда Хьаргаби школа №1 тIобитIана хасалихълъиялъул бечелъабазул ярмарка. Ярмарка тIобитIана школалъул азбаралда. Школалъул азбар букIана берцинго къачIан. Азбаралда бан букIана кIудияб плакат хасалихълъиялде гьабураб, риккадасанго ярмарка букIин бихьулеб.

Ярмарка букIана гьабулеб 9,10 ва 11 абилел классазул цIалдохъабаз. Щибаб классалъ букIана къачIан жудерго столал. Столал бечедал рукIана, гьениб камураб жу букIинчIу. Столазда рукIана батIи-батIиял гьуинлъаби, пихъал, белъараб хъабахъ, салатал, кофе, чаялгицин.

КIудияб переменаялда биччан музыкагун гьаруна батIи-батIиял кьурдаби.

Тадбиралде рачIана гIемерал гьалбал, цохIо лъималазул умумул гурелги, районалъул централда ругел учрежденият-организацияздаса хъулухъчи-вакилзабиги.

Ярмаркаялде рачIарал разиго хутIана, гIемер мех базегIанго ярмаркаялъул столал чIобоголъана.

ТIаде рачIараз баркала кьуна кIудиял классазул мугIалимзабазе, ярмарка бечелъизе квербакъи гьабурал лъималазул умумузе.





29 ноябрь – эбелалъул къо

Эбелалъул къо

Жиб- жиб соналъ Россиялда эбелалъул къо кIодо гьабула ноябралъул ахирисеб гьатIан къоялъ. Исана гьеб ккана 29-леб къоялде.

Дунялалда тIад батIи – батIиял хIукуматазда гьеб къо кIодо гьабула батIи – батIияб заманаялъ. Щибаб хIукуматалъул жинди – жиндир гIадаталги руго гьеб гьабиялъул.

Амма, кибго дунялалда гьеб уна нилъер гIумру хинлъиялъ ва хIеренлъиялъ цIезабулей, бищунго гIагарай гIадан эбелалде рокьи загьир гьабулаго. ХIакъикъаталдаги эбел щибаб къоялъ хIурмат гьабун кIодо гьайизе кколей гIадан йиго.

Байрамалъе кьучI лъун букIана 1907 соналъ СШАялда. Россиялда, абуни байрам хIисабалда эбелалъул къо кIодо гьабизе байбихьана 1998 - леб соналдаса.

Гьеб къоялъ тIобитIула «Эбел, дие мун йокьула!» - абураб тIолгороссиялъул социалияб акция.

Волонтераз рикьула эбелазе открыткаби ва байрамалъул символлъун лъугьарал Незабудка тIугьдул.

Амма, дунялалда ругел бищун лъикIал сайгъатаздасаги нилъер эбелазе бищунго къиматаб букIуна лъималазул бербалагьи ва берцинаб ргIи.

Мисалалъе, байрамалда хуржун школазда тарбия кьеялъул рахъалда хIалтIи гьабулаго, лъималаз эбелазе баркиял гьаризе гьел рохизаризе бегьулел батIи – батIиял пикраби рикьула.

Лъималгун цадахъ ургъула эбелазе сайгъат гьабизе бегьулел жал, гьаризе бегьулел кванил нигIматал, эбел йохулеб рокъоб хIалтIи. Ясли – ахазда ва школазда



байрам къоялде тIоритIула батIи – батIиял церерахъинал.

Тарихалде тIад руссун рилълъани, Советияб Союзалда рукIана эбелазе рихьизарурал хасал шапакъатал. «Эбелалъул медаль» кьолаан щуго яги анлъго лъимер гьабурай ва гьел гIезарурай эбелалъе.

7- 9 лъимер гьабурай ва гIезарурай эбелалъе кьолаан «Материнская слава» орден. 10 яги цIикIкIун лъимал ругони кьолаан орден ва цIар «БахIарчияй эбел» абураб.

Якъинаб буго гьединал шапакъатазе мустахIикъал эбелал бищунго гIемерал Кавказалда рукIун ратулеблъи.

Меседил орден ургъаралдаса Советияб Союз биххизегIан гьеб кьуна 430 азарго чIужугIаданалъе. Гьелдаго цадахъ бахIарчиял эбелазе хIукуматалъ бихьизабун букIана жиб–жиб лъимер рикIкIун моцIалъулаб харж, стипендия, общественнияб транспорталда мухь кьечIого рекIине рес, коммуналиял хъулухъал кьолаго хасал бигьалъаби ва гьелде тIадеги гьединал эбелал ккезарулаан мухь кьечIого кьолеб минабазул сияхIалда цебесеб кьералде.

СССР бихун хадуб премия кьей тана. Жакъасеб Россиялда кьола «Родительская слава» орден. 2008 соналдаса нахъе гьеб кьолаан 4 яги цIикIкIун лъимал гьарурал ва гIезарурал эбел – инсуе. 20I0 соналдаса нахъе гьелъие рихьизарун рукIана анкьгоялдасаги цIикIкIарал (жидерго яги хьихьизе рачарал) лъимал ругел эбел – эмен.

2022 соналдасан орденалда цадахъ цо нухалъ кьолеб харж бахана 200 азарго гъурущалде.

Владимир Путинил жигарчилъиялда 2022 соналъул 15 августалдаса нахъе «БахIарчияй эбел» абураб орден цIидасан тIадбуссинабуна.

Гьеб кьезе бихьизабун буго Россиялъул гражданство бугей 10 яги цIикIкIун лъимал гьарурай ва гIезарурай эбелалъе (лъималги рукIине ккола Россиялъул гражданал). Гьелдаго цадахъ бихьизабун буго кьезе 1 млн. гъурущ гIарацги.

«Эбел» - бищунго хIасратго, гIемерал мацIазда релъун ахIулеб ргIи буго. Гьебги батила лъимаца абизе бигьаяб хIарпазда абулеб букIиналъ релъун букIунеб.

Ватиларо цониги шагIир ва хъвадарухъан эбелалде кечI яги хабар хъвачIел. ГIемерал руго гьел магIарул мацIалдаги.

ХутIаги щивасул эбел гIемерал соназ чIаго сахлъиялда, хъизанрукъ данде бачуней, гIакъло бикьулей, щивасул нух гвангъизабулей канлъилъун.

Х.ШАМСУДИНОВА

Расул Хlамзатов

Эбелалде

Эбел, кIоченаро гьитIинаб мехалъ,
Дун къватIахъ кватIигун, кидаго дуца,
ГортIа лъун толаан бакараб чирахъ,
Ва къирун толаан къачIого каву.

ВачIунаан рокъов, кьижулаан дун,
Кьурулаан дуца гIодобе чирахъ,
Балагьулаан мун къан бугищ нуцIа,
Къулулаан тIаде сордо лъикI васин.

Сонал ана гортIа чирахъ кенчIана,
Дур васаз иргадал росу нахъ тана.
КвегIаб берзул магIу кваранаб квералъ,
КигIан гIемер дуца балъго бацIцIараб?

МугIрузда сверана сурмиял накIкIал,
РакI бекун пирхана мех – мехалъ пири.
Цоял васал ана руссунарелъуй,
Цогидал кватIана духъе руссине.

Эбел, дир саназул гьал сверабазда
Дида росуцояз бицунеб буго,
Дуца рогьинегIан гIагараб гортIа,
ГIодоб кьуруларин бакараб чирахъ.

Дуца балъго, эбел, кваранаб квералъ
КвегIаб берзул магIу бацIцIуна сардилъ,
Дун вачIина духъе, дун щвела духъе,
Чирахъ гIодоб кьурун, кьижа дир мискин.

Щвела дун росулъе, щвела рокъове,
Къирун тараб каву, къай дир хирияй.
Кида гьеб букIинеб – кватIизе гьечIо,
Каранда рухI лъурай, сордо лъикI эбел.

Мун – гьелъул чохьонив, каранда гIурав,
Мун - гьелъул мугъалда мегъал сверарав,
Мун - гьаналъул ругIел, гIадан лъвинегIан,
Дур кини хьвагIарай, гIазизай эбел.

Мун гъолде вагъула, лъадуда божун,
Гъолъ хвалил гIазабакь гьавурав гIадан.
КIалъала мун гъолъул ургьиса гурев,
Лъова зобалахъа рещтIарав гIадин.

Мун гъолъухъе щола гьобол киниги,
Мун - гьелдаса тIураб гьаналъул бутIа,
Бицуна дуцаго кьураб жоялъул
Дуниял кьуралда, гIумру кьуралда.

Мун кванараб мехалъ гIорцIулей эбел,
Дудаса дур ургъел босулей эбел.
Мун квачараб мехалъ гIунулей эбел,
ГIузраби дур рихьун, херлъулей эбел.

Эбелилан абун Аллагьас йижун,
Ракьалда биччараб бичасул хIикмат,
Мун вихьараб мехалъ кIудияй гIолей,
Дуца тараб мехалъ гьитIинлъун уней.

ЖабрагIил Хlасанов.

Эбелалде

Дуда эбелалъул берал рихьанищ,
Балагьун гIорцIичIел гIумруялъго духъ?
Дуда эбелалъул кверал рихьанищ,
Кинабго дуе кьун, ракъван тIагIарал?

Дуда эбелалъул гьумер бихьанищ,
ГьитIинлъулеб бугеб нужер тIалабаз?
Дуда эбелалъул угьи ргIанищ,
Гьаб дуниял цIураб цIилал соролеб?

Дур хIухьелалъ гуреб хIал жиндир хъвачIей,
Дур каламалъ гуреб керен хинлъичIей.
Дудалъун гурони канлъи бихьичIей,
Кинабго дуниял дуй гIоло кьолей.



Бищунго лъикIал цIалдохъаби тIаса рищана



Школалъул цIалдохъабазда гьоркьор пагьму – гьунар бугел лъимал тIатинариялъул мурадалда 12 ноябралда Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалда тIобитIана «2026 соналъул ЦIалдохъан» абураб республикаялъул къецазул муниципалияб этап.



Муниципалияб этапалде щвезегIан, школазул нухмалъулезда тIад къан букIана пагьму – гьунар бугел лъимал школалъул этапалда гIахьаллъизаризе ва муниципалияб этапалде церетIурал цIалдохъаби рихьизаризе.

ХIисабалде росизе рукIана цIалдохъабазул цIалулъ, спорталъулъ, олимпиадабазда, гIелмуялъулъ, искусствоялъулъ, общественнияб ва добровольческиял рахъазда 2025 соналъул сентябралдаса 2026 соналъул ноябралде щвезегIан ккарал церетIеял. ХIисабалде росизе рукIинчIо коммерческиял къецазда, олимпиадабазда, конференциязда рихьизарурал церетIеял.

Къецазде гIахьаллъизе рачана хасал шартIазда рекъон районалъул школазул цIалул цебетIей гьоркьохъеб 4,5 баллалдаса гIодобе гьечIел цIалдохъаби.

ЦIалдохъабаз цере рахъун жидецаго презентацияги цадахъго хIалтIизабун бицине кколаан жидерго хIакъалъулъ. Къецазда гIахьаллъизе бегьулаан 6 – 11 классазул цIалдохъаби. Гьенибги, къецал рикьана щибаб классазул группабазде. Рес букIана анлъго бергьенлъи босарал цIалдохъаби рихьизаризе.

Жюриялъ къимат кьезе букIана гIахьалчагIазул кIалъазе махщалие, бицунелъул магIнаялъе ва къагIидаялъе, чIезабураб заманалде дандеккеялъе.

Къецал тIоритIана кIиго этапалда: (заочнияб: киналниги цIалдохъанасул церетIеял рихьизарулел шапакъатал жанире руссинарураб портфолио цебе боси) ва очнияб (презентация ва тестирование).

ГIаммаб къагIидаялъ къецазда гIахьаллъана районалъул школаздаса 10 цIалдохъан. ТIоцебесеб (заочнияб) этапалъул хIасилазда, къецазде ричана 6 цIалдохъан.

Къецазул хIасилалда 8 классазул цIалдохъабазда гьоркьов 1 бакIалъе мустахIикълъана Хьаргаби №I гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ГI. Шапиев; 2 – бакI щвана Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ГI.Идрисовасе.

9 – лел классалъул цIалдохъабазда гьоркьой тIоцебесеб бакIалде ячIана Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан С. МухIамадова; 2 – леб бакI щвана Къудукь гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ГI.ГIумаровасе.

10 – лел классазул цIалдохъабазда гьоркьоб бергьенлъи босана Хьаргаби №I гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Р.Шарабудиновалъ; 2-леб бакI щвана Хъвартихьуниб гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан П.Баталиевалъе.

Муниципалияб этапалда бергьарал цIалдохъабазе лъайкьеялъул управлениялъул рахъалдасан дипломал ва гIахьаллъаразе грамотаби кьуна.

Хадубги, бергьенлъиялъе мустахIикълъарал цIалдохъабазул бакIарараб материалал битIизе буго республикаялъул этапалде.

Щибаб соналъ тIоритIулел къецазул жавабияйлъун ккола Хьаргаби районалъул лъайкьеялъул управлениялъул пагьму – гьунар бугел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул методист Д. Набиева.

Тадбир тIобитIиялъе харжал хас гьарун районалъул целевая программаялда счеталдасан гьаруна.

Пенсионеразе газ бачиналъе кумек

Дагъистаналъул регионалияб ветераназул организациялъги ва ООО «Газпром межрегионгаз» - алъги дандеккезабун тIаде босулеб буго цадахъ рекъон хIалтIи гьабизе кумек хIажатал пенсионеразе кверчIвай гьабизелъун газ минаялъубе бачиналъул, социалияб газификациялъул программаялда гъоркь. Гьелда гIахьаллъи гьабизе бокьарал пенсионераз (рагъул, захIматалъул, рагъулал къуватазул, ихтиярал цIуниялъул) бухьен гьабизе бегьула Хьаргаби районалъул ветераназул председатель Абдулмуминов АхIмадилгун.

Нужерго ругел суалалгун ахIизе бегьула гьаб телефоналъул номералде.

Тел. 8-964–011–04-25

Цо гIакъилаб рагIиялъ
гIадлуялде рачуна
Цо тIамураб кициялъ канал
берал рагьула

Инхоса ГIали-хIажияв

Авар кицаби ва абиял

ГIайиб бадибе гьаби бадибе рецц гьабиялдаса нусцIул лъикIаб.

ГIайиб гьечIесе кьураб нагIана дудего буссунебила.

ГIайиб камурав чи вукIунарев, цо рахъ камичIеб хIалтIи букIунареб.

ГIайиб кколареб черхги букIунареб, гIазу балареб мегIерги букIунареб.

ГIайиб кколарей чIужу ялагьулев, чIужу гьечIого, хутIулев

ГIайиб кIалалда кколеб, зар бетIералда щолеб.

ГIайиб лъилго кколебила, мунагь ккезе вукIунгейила.

ГIайибал рорцани, мехелалда жаниб 200 росасда, 200 чIужуялда кколебила, рорцинчIого тани, цониги кколаребила.

ГIайибалдаса къадарабги гIилла букIунебила.

ГIайибалдаса нечоларев, мунагьалдаса хIинкъуларев.

ГIайибияв законалъукьа хIинкъулевила, гIайиб гьечIев къисматалъукьа хIинкьулевила.

ГIака балагье рахь-нахалъе лъикIаб, чIужу ялагье гIамал-хасият лъикIай.

ГIака бечIчIулелилан, хIама бечIчIулел ратугеги.

ГIака бичаравги тухум таравги чи бечелъуларо.

ГIака биче, бечIчIизе букIунареб, ригьин биххе, дургун гIамал рекъолареб.

ГIака бокьула нахулаб, гIадан вокьула гIамал лъикIав.

ГIака босилалде бокь гьабе, чIужу ячинадде рукъ гьабе.

ГIака лъала, лъабцIул къинлъидал, вас лъала, эмен херлъидал.

ГIака чIегIераб бугониги, рахь хъахIаб букIуна.

ГIакарумагIарда гIодоб чIараб оцгIанаб гIазу бугони, Хунзахъ рекьи хъукьлъулареб.

ГIакъил гIадада кIалъаларев.

ГIакьил гIодове виччан кIалъала, гIабдал ахIдола.

ГIакъил къадруялде вахани, мегIергIан кьуруларев; гIабдал даражаялде вахани, хIотол сумгIадин, гьетIарулев.

ГIакьил мекъи ккани, гIемерал мекъи ккола.

ГIакъил хвани, нахъе лъикIаб цIар хутIула, гIалим хвани, лъикIаб асар хутIула.

ГIакъилаб бетIералъе тIил къваригIунареб.

ГIакъилаб жо бицине халатаб калам къваригIунаро.

ГIакъилав чиясул гIантал лъималги рукIунел, гIантав чиясул гIакъилалги рукIунел.

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.
Заказ № _____. Тираж 700 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде ккколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Подписано в печать 19 ноября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.
Индекс 51350. Цена свободная.